

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Basa Sunda nyaéta basana urang Sunda. Hirup huripna basa Sunda gumantung kana panyatur nu makéna. Basa Sunda masih kénéh dipiara tur dipaké ku masarakat panyaturna, kacatet panyatur panglobana kadua sabada basa Jawa. Kalungguhan Basa Sunda mangrupa lambang ajén inajén budaya anu dipatalikeun jeung kamampuh basa Sunda dumasar kana ajén inajén masarakat Sunda.

Basa Sunda hirup bareng jeung gumelarna masarakat katut budayana urang Sunda. Dina hirup kumbuhna, basa Sunda téh mibanda rinéka/ragam basa. Ari ragam basa téh disawang tina jihat nu makéna anu nyoko kana wewengkon, tahap atikan, jeung sikep panyaturna; bisa tina jihat makéna nyoko kana jejer omongan, sarana, jeung sosokna (Sudaryat, spk., 2007:3)

Perkara kalungguhan jeung pungsi basa Sunda kungsi ditandeskeun deui dina Kongrés Basa Sunda V taun 1988 di Cipayung Bogor ku *Aweuhan Cipayung*, anu eusi galeuhna nyoko kana tujuh hal, nyaéta (1) basa Sunda miboga kalungguhan jadi basa daérah, (2) basa Sunda miboga pungsi nu tangtu, (3) basa Sunda jadi unsur budaya Sunda nu boga daya tur poténsi ngawewegkeun pribadi masarakat Jawa Barat dina ngukuhan katahanan nasional, (4) basa Sunda bisa dipaké pakakas dina ngadeudeul pangwangunan Jawa Barat.

Basa téh nyaéta lambang omongan nu dihasilkeun ku pakakas ucap manusa kalawan éntép seureuhna (sistematis), tur ragem antar anggota masarakatna pikeun tujuan komunikasi (Sudaryat 1991: 1). Masarakat Sunda kitu

deui dina ngagunakeun basana, urang Sunda maké panta-panta basa, minangka ajén inajén nu geus aya sabada urang Sunda kaéréh ku karajaan Mataram. Ku kituna, dina prosés komunikasi ngalibetkeun dua pihak atawa leuwih anu kudu silih ajénan, boh panyatur ka pangregep, boh pangregep ka panyatur. Dina pola komunikasi masarakat Sunda, tatakrama nu dimaksud, dibeungkeut dina hiji aturan nyaéta undak usuk basa Sunda (UUBS).

Pakait jeung éta hal, undak-usuk basa Sunda atawa disebut ogé tatakrama basa Sunda, nyaéta bagbagan makéna basa minangka hiji ajén nu aya di masarakat tur dipaké. Bagbaganana nyaéta ngeunaan makéna basa lemes, loma/sedeng, kasar jeung kasar pisan. Kiwari éta panta-panta basa masih loba kénéh dipaké tur dipiara. Jadi hiji problematika pikeun sababaraha para budayawan mah, nyaéta ayana sikep narima jeung sikep teu narima anu hartina rék dipaké jeung teu dipaké, teu mangaruhan pikeun pamaké basa, nu penting maké basa Sunda.

Di sagigireun ti éta, tatakrama basa Sunda atawa undak usuk basa Sunda, dihenteu-henteu ogé geus ngabudaya di masarakat Sunda sarta kudu dipikawanoh ku masarakatna pangna di tataran akademis, nembrak pisan undak usuk basa Sunda geus aya dina dunya atikan formal, boh anu *menengah* boh tingkat luhur.

Kiwari basa Sunda diajarkeun ti SD nepi ka SMA, hasil diajar basa Sunda téh, tangtu dipiharep siswa mahér ngagunakeun basa Sunda, boh lisan, boh tulisan. Salasahiji indikator mampuh ngagunakeun basa Sunda, di antarana dipakéna Undak Usuk Basa Sunda (UUBS) kalawan bener tur merenah.

Patali jeung éta hal, panulis nalungtik korélasi antara kamampuh jeung pangaweruh makéna undak-usuk basa Sunda siswa SMA.

Murid SMA nu diajar basa Sunda geus samistina wanoh kana Undak usuk basa Sunda sarta bisa ngalarapkeunana dina komunikasi sapopoé, boh dina campur gaul jeung pada baturna boh jeung anggota masarakat sabudeureunana.

Dumasar kana kasang tukang di luhur, judul ieu panalungtikan, nyaéta “Korélasi antara Pangaweruh jeung Kamampuh Makéna Undak Usuk Basa Sunda kelas X SMA Plus Merdéka Soréang”.

1.2 Watésan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Ieu panalungtikan ukur nalungtik ayana korélasi ngeunaan kamampuh jeung pangaweruh undak-usuk basa Sunda nu ngawengku ragam basa hormat keur ka batur, ragam basa hormat keur sorangan, ragam basa loma/kasar, ragam basa kasar pisan di kelas X SMA Plus Merdéka Soréang, taun ajaran 2011 – 2012.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar watesan masalah di luhur, ieu panalungtikan maluruh ayana korélasi antara kamampuh jeung pangaweruh siswa kelas X SMA Plus Merdéka Soréang dina makéna undak-usuk basa Sunda. Patali jeung ieu panalungtikan aya sababaraha masalah nu kudu dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap:

- 1) Kumaha pangaweruh makéna undak usuk basa Sunda siswa kelas X SMA Plus Merdéka Soréang?

- 2) Kumaha kamampuh makéna undak usuk basa Sunda siswa kelas X SMA Plus Merdéka Soréang?
- 3) Naha aya korélasi anu signifikan antara pangaweruh jeung kamampuh makéna undak-usuk basa Sunda siswa kelas X SMA Plus Merdéka Soréang?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum ieu panalungtikan nyaéta pikeun maluruh korélasi antara kamampuh jeung pangaweruh makéna undak usuk basa Sunda siswa kelas X SMA Plus Merdéka Soréang.

1.3.2 Tujuan Husus

Panalungtik mibanda tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) pangaweruh undak usuk basa Sunda siswa kelas X SMA Plus Merdéka Soréang.
- 2) kamampuh makéna undak usuk basa Sunda siswa kelas X SMA Plus Merdéka Soréang.
- 3) korélasi antara pangaweruh jeung kamampuh dina makéna undak usuk basa Sunda siswa kelas X SMA Plus Merdéka Soréang.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat ieu panalungtikan baris dijembarkeun dina dua bagian, mangpaat téoritis jeung mangpaat praktis.

1.4.1 Mangpaat Téoritis

Ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan undak usuk basa Sunda sarta bisa jadi bahan évaluasi saréréa sangkan bisa ditarékahan pikeun diungkulan masalah makéna undak usuk basa Sunda. Sarta bisa méré mangpaat ku ayana hasil korélasi antara pangaweruh jeung kamampuh makéna undak usuk basa Sunda di sakola-sakola, hususna di sakola SMA Plus Merdeka Soréang.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Salian tujuan di luhur, ieu panalungtikan dipiharep aya mangpaat pikeun:

- 1) Lembaga atikan, pikeun ngajaga ajén inajén anu nyangkaruk dina budaya Sunda, dina makéna undak-usuk basa Sunda, anu dipaké prosés kagiatan diajar.
- 2) Murid, dina ngaronjatkeun pangaweruh jeung kamampuhna ngeunaan makéna undak-usuk basa Sunda, utamana di SMA.
- 3) Guru, pikeun ngukur pangaweruh jeung kamampuh makéna undak usuk basa Sunda sarta bisa méré gambaran korélasi antara pangaweruh jeung kamampuh ngagunakeun undak usuk basa Sunda siswa SMA.

1.5 Raraga Tulisan

Eusi ieu skripsi ngawengku 5 bab, anu medar ngeunaan “Korélasi antara Pangaweruh jeung Kamampuh makéna Undak Usuk Basa Sunda” sacara sistematis. Dina bab I dipedar ngeunaan kasang tukang masalah, rumusan jeung

watesan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, wangenan operasional, anggapan dasar, hipotésis jeung raraga tulisan. Dina bab II dipedar ngeunaan kajian téori panalungtikan nu diantarana ngeunaan, kalungguhan undak usuk basa Sunda dina makéna basa Sunda. Dina bab III dipedar ngeunaan métode panalungtikan, nu ngaruntuykeun sababaraha téori nu ngawengku métode panalungtikan, populasi jeung sampel, téhnik panalungtikan, instrumén panalungtikan, jeung prosedur ngolah data. Dina bab IV di pedar hasil panalungtikan ngeunaan korélasi pangaweruh jeung kamampuh makéna undak usuk basa Sunda siswa kelas X SMA Plus Merdéka Soréang. Dina bab V dipedar ngeunaan kacindekan jeung saran.